ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ
JOQARÍ BILIMLENDIRIW, ILIM HÁM INNOVATCIYALAR MINISTRLIGI

ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ MÁDENIYAT MINISTRLIGI

ÓZBEKSTAN MÁMLEKETLIK KONSERVATORIYASÍ
NÓKIS FILIALÍ

"Tastıyıqlayman"

ÓzMK Nókis filialı direktorı

____________________

«___» __________ 2025-jıl

# KÁSIPLIK (DÓRETIWSHILIK) IMTIXANLAR BAĞDARLAMASÍ HÁM BAHALAW KRITERIYASÍ

60211000 – Kórkem ónertanıw: muzıkatanıw

Nókis – 2025 jıl

*Bağdarlama Ózbekstan mámleketlik konservatoriyasınıń oqıw-metodikalıq keńesinde kórip shıǵılǵan hám maqullanǵan, 2025 jıl 17-iyun kúni Ózbekstan Respublikası Joqarı bilimlendiriw, ilim hám innovaciyalar ministrligi hám Ózbekstan Respublikası Mádeniyat ministrligi menen kelisilgen halda tastıyıqlanǵan úlgi baǵdarlama tiykarında islep shıǵıldı.*

## Kirisiw

60211000 – Kórkem ónertanıw: muzıkatanıw tálim baǵdarı boyınsha 1-pán Qánigelik imtixan baǵdarlaması, 2-pán Muzıka teoriyası (garmoniya hám solfedjio) pánınen Abiturientlerdiń ámeliy-teoriyalıq kónlikpe hám ilmiy tájriybelerin anıqlaw ushın arnalǵan. Bul tálim baǵdarı boyınsha hújjet tapsırǵan Abiturientler muzıkalıq dóretpelerdi hám muzıkalıq-teoriyalıq bilimlerdi tekseriw maqsetinde jumıs atqaradı. Orınlanatuǵın wazıypalar tastıyıqlanǵan kriteriya tiykarında bahalanadı.

## 1-pán

## "Muzıka ádebiyatı hám saz atqarıwshılıǵı"

"Muzıka ádebiyatı hám saz atqarıwshılıǵı" páninen sınawlar 2-basqıshta ótkeriledi:

1-basqıshta abiturient "Muzıka ádebiyati" boyınsha jazba hám awızeki tárizde tapsırmalardı orınlawı kerek.

2-basqıshta abiturient "Saz atqarıwshılılıǵı" (fortepiano, dásturiy sazlar yamasa estrada sazları) boyınsha ámeliy tapsırmalardı orınlawı kerek.

## Pánniń maqseti hám wazıypaları

**1-basqısh:** "Muzıka ádebiyatı" páninen sınaw baǵdarlamasınıń maqseti - abiturientler muzıka kórkem ónerine tiyisli pán tarmaqlarınıń sisteması haqqında, olardıń túpkilikli qásiyetlerin túsiniw, qáliplesiwi hám rawajlanıw jolın gúzetip úyreniw, xalıq muzıkası, eski-dásturiy, bastakarlıq hám kompozitorlıq muzıka dóretiwshiliginiń ilimiy tiykarları haqqında tereń túsinikke iye ekenligin kórsetiwi zárúr.

"Muzıka ádebiyatı" pánin ózlestiriwden kelip shıǵatuǵın wazıypalar - abiturientlar túrli jónelislerde bilimlerge iye bolǵanlıqların kórsetiwden ibarat bolıp tabıladı. "Muzıka ádebiyatı" páni júzesinen abiturientler ilmiy jónelislerdiń júzege keliw sebepleri, atamalardıń ilimiy tárepten birden-bir tuwrı analizleri, tayanısh túsinikler, muzıkatanıwshılardıń rawaj tabıw jolları hám de sol kúnge shekem qolǵa kiritilgen tabıslar hám ámelge asırılǵan zárúrli izertlewler haqqında bilim hám de kónlikpelerage iye bolıwı kerek. Bunnan tısqarı abiturient óziniń keleshektegi qánige iskerliginiń túrli ilimiy jaqınlawların úyrenip, sonday-aq ilimiy jumıstı

shólkemlestiriw usılların, ilimiy izertlewdiń stilistikası hám texnikası, ádebiyat, nota, sonıń menen birge basqa derekler menen islew usılı muzıkatanıwshılıqta qollanılatuǵın baslanǵısh informaciya texnologiyalar menen tanıs bolıwı zárúr.

Muzıkatanıw fakultetine kiretuǵın abiturientlar tómendegi bilimlerge iyelewi kerek:

Orta arnawlı muzıka mektepleri hám kásip-óner kolledjleriniń talabı kóleminde jáhán xalıqları muzıka ádebiyatın, jáhán xalıqları muzıkalıq mádeniyatınıń kózge kóringen hádiyseleri hám basqıshların, Ózbek muzıka ádebiyatın, muzıka mádeniyatı hám dóretiwshilik wákilleri (bastakarlar hám kompozitorlar) hám tarawǵa tiyisli belgili shet el hám ózbek qánigeleriniń ilimiy jumısları hám arnawlı ádebiyatlardan xabardar bolıwı kerek. Sonıń menen birge, abiturient aldına qoyılatuǵın taǵı zárúrli talaplardan biri sociallıq-siyasiy máselelerde anıq hám sawatlı pikir júrgize alıw, kórkem óner hám mádeniyat tarawlarında júz berip atırǵan proceslerden xabardar bolıwı, ǵárezsiz túrde anıq muzıkalıq shıǵarmanı puqta analiz ete alıwı shárt.

"Muzıka ádebiyati" boyınsha imtixan ózbek hám orıs tillerinde kóp ballı sistema tiykarında bahalanadı. Imtixan awızeki hám jazba formadan ibarat.

## Abiturient bilimine qoyılatuǵın talaplar

Abiturient "Muzıka ádebiyati" páninen oqıw baǵdarlaması sheńberinde tolıq bilimge iye bolǵan halda awızsha hám jazba maǵlıwmatlardı logikalıq jaqtan tuwrı atqarǵanda, arnawlı bir dáwir, wákil yamasa dóretpe jóninde tolıq pikirler aytqanda sonıń menen birge, pán boyınsha bilimleri joqarı kórkem dárejede bolǵanında qoyıladı. Studenttiń muzıkalıq tariyxıy hám analitikalıq maǵlıwmatlardı anıq, tıyanaqlı hám túsinikli sóylep beriw uqıbı kóriniwi kerek.

## Jazba jumıs

Abiturient jazba jumıs ushın usınıs etilgen tórt temadan (bastakarlar dóretiwshiligi, kompozitorlar dóretiwshiligi, muzıkalıq dóretpeler, muzıkalıq jónelisler, janr hám basqalar) qálegen birin tańlaydı hám muzıka kórkem óneri boyınsha temanı analız etiw, óz tásirlerin oqıwshıǵa jetkeriw qábiletin kórsetedi. Talaban miynettiń ideologiyalıq mazmunın, kórkem qásiyetlerin ashıp beriwi, avtor niyetin anıqlawı hám kórkem bayanlaw quralların analiz etiwi kerek.

Jazba jumıs ZOOM platformasida videokonferens baylanıs arqah ótkeriledi. Konferensiyaǵa kirisiw ushın siltemeler arza beretuǵınlarǵa elektron pochta hám (yamasa) basqa baylanıs quralları arqalı daǵaza etiledi.

Texnikalıq talaplar: Barlıq abiturientler bir xanada bolıwları shárt; barlıq mobil hám elektron qurılmalar alıp kiriliwi qadaǵan etilgen, Zoom sistemasına kiritilgennen keyin; - kameranıń kóriw maydanın tárk etiwge jol qoyılmaydı; - dawıslı, vizual hám basqa signallardan paydalanıw qadaǵan etiledi; - Jumıs jazba túrde qolda jazılıwı kerek. Jazba jumıs ushın 2 saat ajıratıladı. Jumıstı jazǵanınan keyin, onı imtixan komissiyası kórip shıǵadı. Berilgen waqıt ("2" saat )tan keyin tapsırılǵan jumıs qabıl etilmeydi.

Jazba jumısqa qoyılatuǵın talaplar:

| № | Sorawlar mazmunı (jazba) | Tolıq juwap ushın ball |
|---|---|---|
| 1. | Tapsırma talaplarınıń orınlanganlıǵı | 1-13 (balǵa shekem) |
| 2. | Grammatika | 1-10 (balǵa shekem) |
| 3. | Leksika | 1-10 (balǵa shekem) |
| 4. | Baylanıs hám tekst anıqlıǵı | 1-10 (balǵa shekem) |
| | Jámi | 43,0 ball |

"Muzıka ádebiyati" páni boyınsha jazba tapsırması ushın abiturientlerdiń toplaw múmkin bolǵan maksimal ball- **43,0 ball.**

**Awızeki**

Abiturientke jáhán muzıka ádebiyatı hám ózbek muzıka ádebiyatınan 4 soraw usınıs etiledi. Soraw mazmun-mánisin ashıp beriw talap etiledi. Abiturient muzıka ádebiyatı páninen tariyxıy bilimlerdi kórsetip beriwi shárt. Shama menen usınıs etiletuǵın temalarǵa mısal:

1. I. S. Bax hám zamangóylik.
2. M. Glinka. Ivan Susanın operası.
3. Nawayı hám muzıka.
4. M. Burxonovtıń dóretiwshilik túsi.

Dóretiwshilik imtihan abiturient tárepinen orınlanatuǵın ámeliy jumıs (awızeki soraw - juwaplar ) tómendegi kriteriya tiykarında bahalanadı:

| № | Sorawlar mazmunı (awızeki) | Tolıq juwap ushın ball |
|---|---|---|
| 1. | Shet el muzıka ádebiyatı | 10,0 |
| 2. | Orıs muzıka ádebiyatı | 10,0 |
| 3. | Ózbek xalıq hám dásturiy muzıka miyrasları | 10,0 |
| 4. | Ózbekstan kompozitorlıq dóretiwshiligi | 10,0 |
| | Jámi | 40,0 |

"Muzıka ádebiyatı" páni awızeki tapsırma boyınsha abiturientlerdiń toplawı múmkin bolǵan maksimal ball- 40,**0 ball.**

"Muzıka ádebiyatı" páni boyınsha abiturientlerdiń toplawı múmkin bolǵan maksimal ball- **83,0 ball.**

**“Saz atqarıwshılıǵı” (fortepiano, dástúriy sazlar hám estrada sazları) páni**

**Pánniń maqseti hám wazıypaları**

2-basqısh: “Saz atqarıwshılıǵı” páni boyınsha dóretiwshilik imtixan Abiturientlardıń professional atqarıw kónlikpeleri hám teoriyalıq bilim shenberin anıqlaw maqsetinde ótkeriledi. Abiturientlerdiń professional atqarıw kónlikpelerdi iyelew dárejesi tómendegi kórsetkishlerden dúziledi:

-muzıkalıq dóretpelerin tuwrı analiz qılıw qábileti,

-Saz atqarıwshılıǵı texnikasın ózlestiriw dárejesi,

-muzıka shıǵarmasınıń kórkem mazmunın jetkizip beriw qábileti,

-kórkem talǵamnıń rawajlanıwı menen birge pikirlew dárejesin anıqlaw.

“Saz atqarıwshılıǵı” pánin ózlestiriwden kelip shıǵatuǵın wazıypalar - Abiturientler tek ǵana atqarıw uqıpında, bálki muzıka teoriyalıq pánler boymsha úlken bilimlerge iye bolǵanlıqların kórsetiwden ibarat esaplanadı. Usınıń menen birge professional dárejeni jetilistiriwge, atqarıwshılıq texnikasın hám artistik sheberligin rawajlandırıwǵa, joqarı kórkem dárejede tárbiya alıwǵa qaratıladı. Qánigelik páni tuwralı student dáwir talabına qaray dúnyaǵa kózqarası keń bolǵan, yaǵnıy insaniyat mádeniyatı tariyxı, rawajlanıw basqıshları atap aytqanda, ádebiyat hám kórkem óner salasında tereń oylaw menen birge, zamanagóy bolǵan kompyuter sistemasındaǵı jáhán muzıkalıq baǵdarlamaları tuwralı da túsinik, oyda sawlelendiriw, bilim hám kónlikpelerge iyelewi shárt.

**Abiturient atqarıw baǵdarlamasına qoyılatuǵın talaplar**

Imtixan procesinde abiturientlar ushın wazıypa belgilenedi: eki shıǵarmadan ibarat baǵdarlamanı atqarıw. Baǵdarlama fortepiano ushın polifonik (XVI - XX á.) hám etyud dóretpelerinen, dástúriy sazlar hám estrada sazlarında bolsa atqarıw baǵdarlaması iri forma (ózbek milliy namalarınan yamasa milliy estrada dóretpelerinen), ózbek xalıq muzıkasınan úlgi, uqıplı shıǵarmanı atqarıp beriw talap etiledi.

Atqarıw sapasına qoyılatuǵın talaplar:

- shıǵarmanıń tekstin anıq atqarıw (metroritm, temp, dinamika );
- texnik erkinlikti kórsetiw;
- muzıkalıq shıǵarmanı formasın tuwrı tutıw;
- shıǵarmanı kórkem mazmunın jetkerip beriw.

**BAHALAW KRITERIYASÍ:**

| | **Atqarıw baǵdarlaması ushın belgilengen talaplar** | **Atqarıw ushınball** |
|---|---|---|
| 1. | Shıǵarmanıń belgilengen repertuarǵa muwapıqlıǵı | 3,0 |
| 2. | Shıǵarmanı belgilengen tempda hám texnikalıq tárepten erkin atqarıw | 3.0 |

| | | |
|---|---|---|
| 3. | Shıgarmada metroritm, dinamika, intonaziy hám shtrix talapları | 2,0 |
| 4. | Shıgarmanı atqarıwı janr hám mazmunına muwapıqlığı | 2,0 |
| | Jámi | 10,0 |

Saz atqarıwshılığı páni boyınsha toplaw múmkin bolgan maksimal ball – **10.0 ball**

"Muzıka ádebiyatı hám saz atqarıwshılığı" páni boyınsha abiturientlerdiń toplaw múmkin bolgan maksimal ball- **93,0 ball.**

## 2-pán

## MUZÍKA TEORIYASÍ

## (garmoniya hám solfedjio)

"Musiqa nazariyasi" fanidan sinovlar 2-basqıshda o'tkaziladi:

1-basqıshda abiturient "Garmoniya" páni boyınsha ámeliy tapsırmalardı orınlawı kerek.

2-basqıshta abiturient "Solfedjio" páni boyınsha ámeliy tapsırmalardı orınlawı zárúr.

### "Garmoniya" páninen

### Pánniń maqseti hám wazıypaları

**1-basqısh** "Garmoniya" páninen sınaqlar bağdarlamasınıń tiykargı maqseti - Abiturientlerdiń "Garmoniya" páninen teoriyalıq bilim shenberi, ámeliy kónlikpelerinin qálipleskenligi, muzıkalıq dóretpeler analizi procesinde garmoniyalıq nızamlıqlardı qaysı dárejede bile alıwın anıqlawdan ibarat. Garmoniya muzıka atqarıwshılarınıń arnawlı teoriyalıq bilim dárejesin belgileydi. Professional atqarıw kónlikpeleri, tábiyiy uqıp, kórkem talğamnıń rawajlandırıw menen bir qatarda garmoniyalıq ayrıqshalıqlardı túsiniw, atqarıw waqtında mengeriw qábiletlerin kórsetiwge xizmet etedi. Sonıń menen birge, muzıka avtorınıń shığarmasında aytılgan kórkem ideyasınıń garmoniyalıq táreplerin ózlestiriwge járdem beredi.

### Abiturient bilimine qoyılatuğın talaplar

- klassik garmoniyanıń teoriyalıq nızamlıqların biliw;
- teoriyalıq bilimlerdi fortepianoda atqarıw arqalı kórsetip beriw;
- bir dawıslı namanı garmoniyalawda garmoniyalıq logikağa tiykarlanğan halda, akkordlar funkciyasın tuwrı qoya biliw;
- period ishinde gápler hám kadensiyalar muğdarın tuwrı anıqlawdı biliw;
- dawıs jónelisi nızamlıqlarına tuwrı ámel etıw;
- berilgan periodta modulyaciyanı ámelge asırıw;
- akkordsiz dawıslardı qollağan halda akkordlar izbe-izligin hám modulyaciyanı jırlawdı biliw;
- diatonikalıq, xromatikalıq hám transpoziciya sekvenciyalardı jırlaw;
- muzıkalıq shığarmanı garmoniyalıq funkciyası hám formasın anıqlay biliw;

Abiturientlar awızeki berilgen wazıypanı qátesiz orınlawı kerek: fortepianoda garmoniyalıq izbe-izliklerdi tuwrı atqarıw arqalı ámeliy hám teoriyalıq bilimlerin joqarı

dárejede ekenligin kórsetiwleri kerek.

**Garmoniya páninen abiturient tárepinen orınlanǵan ámeliy jumıs tómendegi kriteriya tiykarında bahalanadı:**

AWÍZEKI:

1. Period formasında II- hám III-dárejedegi túrles tonallıqqa modulyaciyalardı fortepianoda atqarıw.
2. Period formasında engarmonik modulyaciyanı atqarıw.
3. Diatonik yamasa xromatik sekvenciyalardı atqarıw.

**BAHALAW KRITERIYASÍ:**

| № | Sorawlar mazmunı | Tolıq juwap ushın ball |
|---|---|---|
| 1. | Period formasında II-hám III-dárejedegi túrles tonallıqqa modulyaciyalardı fortepianoda atqarıw. | 13.0 |
| 2. | Period formasında engarmonik modulyaciyanı atqarıw. | 13.0 |
| 3. | Diatonik yamasa xromatik sekvenciyalardı atqarıw. | 7.0 |
| | **Jami** | **33,0** |

"Garmoniya" páninen abiturient tárepinen toplanatuǵın eń joqarı ball **33,0** baldı quraydı.

**"Solfedjio"**
**pánniń maqseti hám wazıypaları**

2-basqısh "Solfedjio" páninen sınaqlar baǵdarlamasınıń tiykarǵı maqseti - barlıq qánigelikler ushın muzıkalıq esitiwdi rawajlandırıw hám kásiplik tayarlanıwda eń zárúrli predmetlerden esaplanadı. Muzıkalıq esitiw dárejesiniń joqarılıǵı, jırlaw ilmiy tájiriybesi hám muzıkalıq yadtı kúshliligi qosıqshı hám dirijyorlardı tárbiyalawda úlken áhmiyetke iye esaplanadı.

Pándı ózlestiriwden kelip shıǵatuǵın wazıypalar - Abiturientler túrli jónelislerde bilimlerge iye bolǵanlıqların kórsetiwden ibarat esaplanadı. Solfedjio páni boyınsha studentler úyrenilip atırǵan materialdıń qaysı milletke tiyisli bolıwına qaramastan muzıkalıq esitiw, yadtı hár tárepleme rawajlandırıw, jırlaw hám tıńlaw procesinde dawıs tazalıǵın baqlaw sıyaqlı oyda sawlelendiriw, túsinik hám bilimlerge iyelewi kerek.

**Abiturient bilimine qoyılatuǵın talaplar**

Abiturient "Solfedjio" páninen oqıw baǵdarlaması sheńberinde tolıq bilimge iye bolǵan halda, notaǵa qaray atqarǵanda, muzıkalıq-teoriyalıq hám ámeliy kónlikpelerin kórsetkende, sonıń menen birge, pán boyınsha bilimleri joqarı dárejede bolǵanında qoyıladı. Studenttiń solfedjio páninnen qábiletin anıq kórinetuǵın bolıwı kerek.

**Solfedjio pāninen abiturient tárepinen orınlangan ámeliy jumıs tómendegi kriteriya tiykarında bahalanadı:**

AWÍZEKI:

1. Biytanıs bir dawıslı mısallardı dirijyorlıq etip atqarıw
2. Biytanıs eki dawıslı mısallardı dirijyorlıq etip atqarıw
3. Intervallar hám akkordlardı esitip anıqlaw.

## AWÍZEKI SORAW-JUWAP BOYÍNSHA BALLARDÍŃ BÓLISTIRILIWI:

| № | Sorawlar mazmunı | Tolıq juwap ushın ball |
|---|---|---|
| 1. | Biytanıs bir dawıslı mısallardı dirijyorlıq etip atqarıw | |
| a) | Tonallıqtı durıs anıqlaw | 8 balga shekem; |
| b) | Taza atqarıw | 8 balga shekem; |
| c) | Ritmikalıq izbe izlikke anıq ámel etiw | 8 balga shekem. |
| 2. | 4. Intervallar hám akkordlardı esitip anıqlaw. | 6 balga shekem. |
| **Jámi** | | **30,0** |

Solfedjio páni ushın qoyılatuğın maksimal ball – **30,0** ball.

### Dóretiwshilik imtixandı ótkeriw tártibi

60211000 - Kórkem ónertanıw: muzıkatanıwshılıq tálim bağdarına hújjet tapsırğan abiturient keste tiykarında aldınan belgilengen múddetlerde Nókis qalasındağı Ózbekstan mámleket konservatoriyası Nókis filialı bınasında dóretiwshilik imtixan tapsıradı. Imtixanlar jeke tártipte Qabıllaw komissiyası tárepinen belgilengen auditoriyalarda ótkeriledi.

**Usı tálim bağdarında kásiplik (dóretiwshilik) imtixanlarğa jámi qoyılatuğın maksimal ball - 156, 0 ball.**

### Apellyaciya tártibi

Abiturientler tárepinen kásiplik (dóretiwshilik) imtixan nátiyjeleri boyınsha konservatoriya Qabıllaw komissiyasınıń apellyaciyalar menen islew komissiyasına nátiyjeler dağaza etilgennen kúnden (waqıttan) baslap 24 saat dawamında múrajat etiwi múmkin. Múrajat mazmunında tek abiturient ózi toplağan balı haqqında bolsa qabıl etiledi, biraq basqa abiturientler haqqında jazılğan shağım arzaları qabıl etilmeydi.